

AMATEGEKO Y'UKWISONZESHA



جمعية الدعوة والإرشاد وتوعية الجاليات بالزلفي

هاتف: ۰۱۶ ۴۲۳۴۴۶۶ - فاكس: ۰۱۶ ۴۲۳۴۴۷۷

360

AMATEGEKO Y'UKWISONZESHA

أحكام الصيام - بوروندي



Y' "IGITABU C'UMWISLAMU"

Categuwe n'Ishirahamwe
ry'Ivugabutumwa, Uburongozi
n'Ugutahura kwa Jami riri i Zulf

أحكام الصيام

أعدّه وترجمه إلى اللغة البوروندية (الكيوروندية)
جمعية الدعوة والإرشاد وتوعية الجاليات بالزلفي
الطبعة الأولى: ١١ / ١٤٤٨ هـ.

Urutonde rw'ibirimwo

AMATEGEKO AJANYE N'UKWISONZESHA (SWAUM)	5
Ivyiza vy'ukwezi kw'Iramadhani:	6
Ukumenyekana k'uguseruka k'ukwezi kw'Iramadhani:	8
Abantu barekuriwe gufungura ku murango w'Iramadhani:	9
Ibintu vyonona amapfungo:.....	10
Ibintu bitonona amapfungo:	12
Ivyitonderwa:	13
Ibintu ari sunna mu gihe c'ukwisonzesha:	15
Isengesho ry'itarawe:.....	16
Ubwoko bw'amapfungo ya sunna (atari ay'itegeko):	17
Imisi kizira kwisonzesha :	18

AMATEGEKO Y'UKWISONZESHA

أحكام الصيام

AMATEGEKO AJANYE N'UKWISONZESHA (SWAUM)

Ingingo ijanye n'ukwisonzesha:

Ukwisonzesha mu kwezi kw'Iramadhani ni inkingi imwe mu nkingi zitanu zigize ubwisilamu, bivanye n'imvugo y'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) iti: ((Ubwisilamu bwubatswe ku nkingi zitanu: ugushingira intahe ko ata yindi mana ikwiye gusengwa vy'ukuri kiretse Imana Imwe Rudende n'uko Muhammad ari Intumwa ya Allah, uguhozako gusenga amasengesho, ugutanga ishikanwa-bwirizwa, ukugendera ingoro nyeranda no kwisonzesha mu kwezi kw'Iramadhani)) [Yahurijweko na Bukhari na Muslim: 8, 16]

Ukwisonzesha rero bisigura: ukwirinda kurya, kunywa, kurangura amabanga y'abubatse n'ibidi vyose vyokonona amapfungo, kuva Al-Fajri yinjiye gushika izuba rirenze ku muzirikanyi wo kwiyegezeza Allah Nyen'Ubweranda.

Ukwisonzesha mu kwezi kw'Iramazani vyarahurijweko n'abamenyi ko ari itegeko, bivanye n'aho Nyen" Ubweranda Agira ati: ((Kubera ivyo rero, uwo ukwezi kuzoboneka akomeye atari ku rugendo, aragupfunga)) [Al-Baqarah: 185].

Navyo bitegetswe kuri buri mwislamu, ageze mu bigero, afise ubwenge bukwiye.

Ukugera mu bigero birangwa no gukwiza imyaka cumi n'itanu (15), canke kumera ubwoya bwo ku bwambure, canke ugusohoka kw'intanga ku kwirotarako canke ikindi. Ku mwigeme hiyongerako ugutangura kuja mu butinyanka. Igihe cose umuntu azoshikirwa na kimwe muri ibi azoba yageze mu bigero.

Ivyiza vy'ukwezi kw'Iramadhani:

Imana Allah Nyen'Ubweranda yariharije ukwezi kw'Iramadhani ivyiza vyinshi bitaboneka muyindi misi. Muri ivyo twovuga ibi bikrikira:

1. Abamalayika barasabira ikigongwe abisonzesheje gushika bapfunguye (ku mugoroba);
2. Muri uko kwezi, amashetani makuru arapfungwa;
3. Harabonekamwo ijoro rya Laylatul Qadri rifise agaciro kuruta amezi igihumbi.

Mu bindi vyiza kandi n'uko:

4. Abisonzesheje barababarirwa ivyaha vyabo mw'ijoro rya nyuma ry'uko kwezi kw'Iramadhani;

5. Allah Nyen'Ubweranda ararokora mu muriro bamwe mubashumba biwe, ivyo navyo bikaba buri joro ry'Iramadhani;
6. Igikorwa ca 'Umrah – kugendera ingoro Nyeranda bwa sunna – gikozwe muri uko kwezi kingana mu mpera na Hijja ikwiye.

No mu bindi kandi vyakiriwe bijanye n'agaciro ka kuno kwezi kweranda, ni ivyashikirijwe na Abu hurayrah (Imana Allah Imwumvire) aho yavuze ati: Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Uwuzokwisonzesha Iramadhani afise ukwemera nyakwo, yizeye kandi impera kwa Allah, azobabarirwa ivyaha yakoze imbere yaho)) [Yahurijweko na Bukharin a Muslim: 38, 760]

Vyarabonetse kandi mu nyigisho aho Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yagize iti: ((Buri gikorwa ciza ca mwene Adamu kiragwizwa ivyiza incuro cumi gushika ku ncuro amajana indwi. Imama Allah Nyen'Ubweranda yagize iti: kiretse amapfungo, ayo ni ayanje kandi nije nzoyatangira impembo ...)) [Yahurijweko na Bukharin a Muslim: 5927, 1151].

Ukumenyekana k'uguseruka k'ukwezi kw'Iramadhani:

Uguseruka k'ukwezi kw'Iramadhani kumenyekana biciye kuri imwe muri izi nzira zibiri:

1. Ukuboneka k'umuseruko (hilal) w'ukwezi kw'Iramadhi. Habonetse umuseruko ukwisonzesha bica biba itegeko. Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Niyo mwabona umuseruko (w'intango z'ukwezi kw'Iramadhani) muze mwisonzeshe, ni mwabona kandi umuseruko (w'ukwezi gukurikira Iramadhani ariko Shawwaal) muze mupfungure)) [Yahurijweko na Bukhari na Muslim: 1900, 1080].

Kandi uwo museruko w'Iramdhani ubonywe n'umuntu umwe w'umwizigirwa biba bikwiye. Ariko umuseruko w'ukwezi kwa Shawwaal wo gupfungura ni ngombwa bishingirwe intahe n'abantu babiri b'imvugakuri;

2. Ugukwiza imisi mirongo itatu (30) y'ukwezi kwa Sha'ban. Iyo misi ikwiye, umusi wa mirongo itatu na rimwe niwo musi wa mbere w'ukwezi kw'Iramadhani, bivanye n'imvugo y'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallamu): ((...niyo naho mwakunyegezwa ntimukubone, muze mukwize igitigiri c'imisi mirongo itatu)) [Yahurijweko na Bukhari na Muslim: 1907, 1081].

Abantu barekuriwe gufungura ku murango w'Iramadhani:

1. Umuntu agwaye ingwara ikira ariko atinyira ko abifadikanije n'ukwisonzeshya vyomusinzikaza kurusha, uwo aremerewe gufungura hama akazoriha imisi atisonzesheje inyuma y'Iramadhani.

Ariko abaye agwaye ingwara agendana idakira, uyo ntasabwa kwisonzeshya, ahubwo asabwa gutanga indishi mu gufungurira buri musi umukene umwe ibingana n'ikilo n'inusu (1.5kg) c'umuceri canke ibisa nawo. Arashobora kandi guhitamwo guteka ivyo bifungurwa hama agatumira abakene bangana n'igitigiri c'imisi yariye akabibafungurira;

2. Umuntu ari ku rugendo: uwuri ku rugendo aremerewe gufungura igihe yavuye mu karere kiwe asanzwe atuyemwo gushika igihe azogarukira atabaye yarafashe umwanzuro wo kuguma iyo yagiye;

3. Ugupfungura biremewe kandi ku mukenyezi yibungenze canke yonsa mugihe atinyirira ubuzima bwiwe canke umwana wiwe ingaruka zitari nziza. Iyo nzitizi ivuyeho aca asabwa kuriha imisi yafunguye;

4. Umuntu ageze mu za bukuru yoremerwa n'ukwisonzeshya aremerewe gufungura kandi ntazoriha imisi atisonzesheje, ahubwo asabwa gutanga indishi mu gufungurira umukene umwe buri musi.

Ibintu vyonona amapfungo:

1. Ukurya canke ukunywa n'ibigirankana. Nayo ukurya biturutse ku kwibagira vyovyo ntivyonona amapfungo, bivanye n'imvugo y'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallam) iti: ((Uwuzoba yisonzesheje hama akibagira akisanga yariye canke yanyoye, aze abandanye amapfungo yiwe)) [Yakiriwe na Muslim: 1155]

Mu vyonona amapfungo kandi harimwo gushika kw'amazi mu nda aciyeye mumazuru, no gufata ingaburo biciye mumitsi, no kongererezwa amaraso. Ivyo vyose bironona amapfungo kuko ni inzira zo gufungurira uwisonzesheje.

2. Ukurangura amabanga y'abubatse: umwanya wose uwisonzesheje aranguye amabanga y'abubatse, ukwisonzesha kwiwe kuba kwononekaye. Ategerezwa kuzoriha akongerako n'indishi. Nayo ni: ukurekuza umutumwa, abaye atabishoboye asabwa kwisonzesha amezi abiri akurikirana, ntarekuriwe gufungura n'umusi n'umwe kiretse biturutse ku mpamvu zemewe n'amategeko, nko kuba vyahuriranye n'imisi mikuru y'ilayidi n'imisi itatu ikurikira ilayidi nkuru, canke impamvu ya ka muntu nk'ingwara n'urugendo atari amayeri yo gufungura. Yihenze agapfungura ata mpamvu zihari, naho woba umusi umwe aca

ategerezwa gutangura bushasha kugira habeho gukurikiranya imisi.

Abaye atoshobora kwisonzesha ayo mezi abiri akurikirana, aca asabwa gufungurira abakene mirongo itandatu (60);

3. Ugusohoka kw'intanga mu muntu bimuvuyeko biciye ku gusomana, canke kwikinisha, canke izindi nzira. Ata nkeka ivyo bironona amapfungo, kandi uwo muntu abwirizwa kuzoriha uwo musi vyamubayeko ariko nta ndishi azokongerako. Nayo ukwiroteerako, ntivyonona amapfungo;

4. Ugusohoka kw'amaraso biciye mu kurumikwa, canke ukuyavoma kugira ayatange. Nayo abaye ari makeya, nk'arya bavoma kwa muganga kugira bapime ingwara, ivyo ntivyonona amapfungo. Ni co kimwe no kuva amaraso bitamuvuyeko nko kuva umwuna, canke gukomereka, canke igihe co gukura iryinyo, ntaco vyonona ku mapfungo;

5. Ukwidahwisha n'ibigirankana. Nayo adashwe bitavuye kubushake bwiwe, ntaco vyonona.

Ibi bintu vyonona amapfungo ntaco vyononera uwisonzesheje kiretse yabikoze abizi, avyibuka ko vyonona kandi akabishiramwo ugushaka.

Abaye atazi ingingo zavyo zo mu mategeko y'idini, canke akaba atazi umwanya aho ugeze, nko kuba yoguma yibaza ko Al-Fajri itaragera, canke ikibaza ko

izuba ryamaze kurenga, n'ibindi nk'ivyo, ntivyonono amapfungo yiwe.

Asabwa kandi kuba yabikoze avyibuka, abaye yavyibagiye, amapfungo yiwe aremewe;

6. Mu bindi vyonona amapfungo, harimwo: ugusohoka kw'amaraso y'ubutinyanka n'ikiriri. Igihe cose umukenyezi abonye ayo maraso, amapfungo yiwe aba abaye arahagarara ico kiringo. Kirazira rero ko umukenyezi yisonzesha abaye ari mu butinyanka canke mu kiriri, ariko inyuma y'Iramadhani, ategerezwa kuriha imisi atisonzesheje.

Ibintu bitonona amapfungo:

1. Ukwiyuhagira umubiri wose n'ukwoga (mukudwibira mu ruzi canke ikiyaga), no kwisukako amazi kugira wikanyishe mugihe hari ubushuhe bwinshi;

2. Ugufungura n'ukunywa n'ukurangura amabanga y'abubutse mw'ijoro gushika bigaragaye ko Al-Fajri yinjije;

3. Ukwijigitura, ntaco vyonona k'uwisonzesheje umwanya wose yobikorera wo ku murango, ahubwo mbere ni mubintu bibereye;

4. Ukwivuzza hakoreshejwe umuti uwariwo wose wemewe n'amategeko ariko utarimwo ingaburo, no kujojotereza umuti mu maso no mu matwi naho umuntu yokwumva akanovera kawo mu muhogo.

Hamwe n'ivyo ibibereye ni ugutevya gushirayo uwo muti gushika ku mwanya w'ifutari. Biremewe kandi gukoresha akuma ko kwongereza impwemu ku bagwaye asima.

Kwumviriza akanovera k'imfungurwa na vyo nyene biremewe ariko itegeko n'uko vyogarukira ku rurimi ntihagire ikintu na kimwe gishika mu muhogo.

No gutawaza umuntu akinjiza amazi mu kanwa no mu mazuru biremwe ariko asabwa kwirinda kuyageza kure kugira ntihagire n'ima ry'amazi rishika mu muhogo.

Biremewe kandi kwisiga ibimota n'amaparufe no kwumva akamoto keza;

5. Gutevya kwoga gushika Al-Fajri yinjiye kur'urya ikiringo c'ubutinyanka canke ic'ikiriri caheze mwijoro. Ni co kimwe n'uwashikiwe n'ijanaba.

Ivyitonderwa:

1. Umuhakanyi yinjiye ubwisilamu ku murango w'amapfungo, asabwa kwisonzesha ikiringo c'umusi cari gisigaye, kandi ntasabwa kuriha imisi yamucitse imbere y'aho;

2. Ni ngombwa kurarana umuzirikanyi wo kwisonzesha bigakorwa mu mwanya uwariwo wose mw'ijoro imbere y'uko Al-Fajri yinjira. Ivyo birabwa ku mapfungo y'itegeko n'amapfungo atari ay'itegeko ariko yihariye nko kwisonzesha imisi itandatu (6) yo

mu kwezi kwa Shawwaal, ku musi wa 'Arafah, ku musi wa 'Aashuuraah.

Nayo ayandi mapfungo atari ay'itegeko kandi atihariye, nko kwisonzesha imisi itatu ya buri kwezi, biremewe gushiraho umuzirikanyi inyuma y'uko Al-Fajri yinjiye naho hoba ku murango mu gihe ata na kimwe arafungura uwo musi;

3. Birabereye ko uwisonzesheje asaba ibisabisho yipfuza igihe hageze ko afungura rirenze, bivanye n'imvugo y'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) iti: ((Mu vy'ukuri uwisonzesheje mugihe agomba gufungura, asavye igisabisho ntigisubizwa inyuma)) [Yakiriwe na Ibn Maajah:1743]. Mu bisabisho vyakiriwe, n'uko yovuga iki: (Dhahabad-dhwam-u wab-tallatil 'uruuqu wa thabatal ajru in shaa Allah) [Yakiriwe na Abuu Daawuud: 2010];

4. Uwuzoronka amakuru ku murango ko Iramadhani (yaraye) yinjiye, asabwa guca yisonzesha kugira yifadikanye n'abisonzesheje, hama uwo musi akazowuriha;

5. Birabereye k'uwufise imisi asabwa kuriha ko anyarutsa ico gikorwa kugira yikureko iryo deni. Ariko kandi aremerewe gutevya, hama mu kwisonzesha ashobora gukurikiranya imisi canke akayitandukanya. Ico bikoze, ntiyemerewe gucereza gushika inyuma y'Iramdhani y'umwaka ukurikira ata mpamvu zemewe zihari.

Ibintu ari sunna mu gihe c'ukwisonzesha:

1. Gufungura idaku, bivanye n'imvugo y'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) iti: ((Mwame mwitwararika gufungura idaku, kuko birimwo imihezagiyo)) [Yahurijweko na Bukhari na Muslim: 1095]. Ikibereye n'ugucereza iyo daku gushika mw'ijoro rya nyuma, bivanye n'inyigisho y'Intumwa igira iti: ((Abantu b'urunganwe rwanje ntibazohengeshanya kwama bari mu vyiza igihe cose bazokwihutisha ifutari hama bagatevya idaku)) [Iri muri Sahihul jaami'i:2835];

2. Kwihutira gufungura ifutari mugihe bigaragaye ko izuba ryarenze. Mu mugenzo mwiza, ni ugufungura itende mbisi, zitabonetse itende zihye, zitabonetse akanywa amazi, habuze na kimwe muri ivyo, afungura ico ahambije ca halali;

3. Kurushirizaho gusaba ibisabisho mu gihe c'amapfungo, na cane cane mu mwanya wo gufata ifutari, bivanye n'imvugo y'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) iti: ((Ibisabisho vy'abantu b'ubwoko butatu birishurwa: igisabisho c'uwisonzesheje, igisabisho c'uwarenganijwe n'igisabisho c'uwuri ku rugendo)) [Yakiriwe na Bayhaqiy n'abandi];

Mu bindi kandi uwisonzesheje asabwa kwitwararika ni uguhagarara asenga mw'Iramadhani, bivanye n'imvugo y'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama)

iti: ((Uwuzohagarara asenga mw'Iramadhani afise ukwemera kandi yizeye impera kwa Allah, azobabarirwa ibicumuro vyawe vyatanguye)) [Yahurijweko na Bukhari na Muslim: 2009, 759].

Bisabwa kandi ko umwisilamu aheza isengesho ry'itarawe ryose ari kumwe na Imamu, bivanye n'imvugo y'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) iti: ((Uwuzosengana na Imamu gushika arangije, azokwandikirwa ko yakesheje ijoro ryose asenga)) [Yakiriwe n'aba Imamu b'ama Sunan]

Mu bindi bisabwa kurushirizaho mu kiringo c'Iramadhani, ni ukurushirizaho gutanga isadaka. Nk'uko kandi bisabwa kugira akigoro mu gusoma Qor'ani Nyeranda. Ukwezi kw'Iramadhani ni ukwezi kwa Qor'ani, kandi uwusoma aronka iciza kuri buri rudome, kandi iciza kimwe kigwizwa n'incuro cumi.

Isengesho ry'itarawe:

Itarawe ni: isengesho rusangi ryo mw'ijoro mu kwezi kw'Iramadhani. Umwanya waryo nawo ni kuva inyuma y'isengesho rya Ishaa-I gushika Al-Fajri yinjiye. Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yarashimangiye ku masengesho yo mw'ijoro yo mw'Iramadhani. Hama ibibereye ni ugusenga iraka cumi n'imwe, umuntu akaza aratanga isalamu

inyuma ya buri raka zibiri. Ariko arengeje kuri izo cumi n'imwe, ntaco vyononye.

Ibibereye kandi mu bijanye n'isengesho ry'itarawe, ni ugusenga mw'ituze no kurirehura mu buryo budatera ingorane abariko barasenga. Kandi nta ngorane ko abakenyezi nabo boza gusenga itarawe mugihe bitoteza ibindi bibazo, bagategerezwa kugenda bikwije, batambaye ibisayangana canke ngo bisige ibimota.

Ubwoko bw'amapfungo ya sunna (atari ay'itegeko):

Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yaritwararika kandi agahimiriza kwisonzesha iyi misi ikurikira:

1. Imisi itandatu (6) y'ukwezi kwa Shawwaal, bivanye n'aho Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Uwuzokwisonzesha Iramadhani hama agakurikizako imisi itandatu (6) y'ukwezi kwa Shawwaal, azoharurwa nk'uwisonzesheje umwaka wose)) [Yakiriwe na Muslim: 1164];
2. Kwisonzesha ku musi wa mbere n'uwa kane wa buri ndwi;
3. Kwisonzesha imisi itatu ya buri kwezi. Abaye yoyisonzesha mu misi ya Bedha naho nyene ni vyiza. Na yo ni : imisi ya cumi na gatatu (13), cumi na kane (14) na cumi na gatanu (15) y'ukwezi kwa kislamu.

4. Kwisonzesha umusi wa 'Aashuura, na wo ni umusi w'icumi w'ukwezi kwa Muharram. Ni vyiza ko umuntu yokwisonzesha umusi umwe imbere yawo canke umusi umwe inyuma yawo kugira twitandukanye n'abayahudi. Bikomotse kwa Abuu Qataadah (Imana Allah Imvumvire) yavuze ati : Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti : ((Ukwisonzesha umusi wa 'Aashuura, nizera ko bituma Allah ababarira ivyaha vy'umwaka uheze)) [Yakiriwe na Muslim : 1162] ;

5. Kwisonzesha ku musi wa 'Arafah na wo ni umusi w'icenda mu kwezi kwa Dhul Hijja, bivanye n'inyigisho y'Intumwa igira iti : ((Ukwisonzesha umusi wa 'Arafah, nizera ko Allah bituma ababarira ivyaha vy'umwaka uzoza n'uwaheze)) [Yakiriwe na Muslim : 1162]

Imisi kizira kwisonzesha :

1. Imisi y'ilayidi zibiri, iyo gupfungura n'iyi kubaga ;
2. Imisi itatu iherekeza umusi w'ilayidi yo kubaga, na yo ni : umusi wa cumi na rimwe (11), uwa cumi na kabiri (12) n'uwa cumi na gatatu (13) y'ukwezi kwa cumi na kabiri kwa kislamu (Dhul Hijja). Aho havamwo umuntu ari muri Hijja ayifatanya na 'Umrah abaye ataronse igitungwa co kubaga, wewe asabwa kuyisonzesha ;
3. Imisi y'ubutinyanka n'ikiriri ;

4. Umukenyenzi kwisonzesha sunna kandi umugabo wiwe ari hafi atamusavye uruhusha, bivanye n'inyigisho y'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti : ((Umukenyenzi ntaze yisonzeshe umugabo wiwe ariho ari kiretse amusavye uruhusha, havuyemwo Iramadhani)) [Yahurijweko na Bukhari na Muslim : 5192, 1026].